

Guritan Dayaning Sastra Karya R. Intoyo :
Refleksi Humanisme Jawa dan Sumber Kearifan Lokal
Teguh Supriyanto – FBS Unnes

Abstrak

Ada dua tanda yang tampak monumental dalam guritan karya R. Intoyo yang berjudul dayaning sastra, yaitu frasa: dayaning sastra dan frasa: binaries kadya bata. Frasa pertama, yaitu dayaning sastra bertolak dari wacana batin mengenai kekuatan dari hasil olah pikir, rasa, dan karsa manusia. Wacana batin ini jelas berasal dari humanisme Jawa, yang lebih mengutamakan hal yang bersifat batin, halus, ulet, dalam hubungannya dengan lingkungannya. Frase kedua, yaitu binaries kadya bata bersandar pada wacana yang berbeda, yaitu wacana yang mengutamakan bentuk lahir, wadag, nyata (objektif). Wacana ini mampu memberikan kesenangan. Dalam pandangan Jawa, wacana lahir bersifat kadunyan sehingga bersifat sementara, wacana batin bersifat religius dan transenden. Yang pertama melahirkan kelanggengan (tahan lama) karena didasarkan kepada kemuliaan manusia yang mau berolah pikir, rasa, dan karsa di hadapan Tuhan, sedangkan yang kedua menyiratkan keterbatasan makhluk yang namanya manusia dalam hubungannya dengan hukum Tuhan. Frasa kedua merupakan alat sehingga bersifat sementara, serba menarik. Melalui pemahaman demikian, tampaklah bahwa kedua sisi model itu sebenarnya berasal dari matriks yang sama, yaitu kemauan atau kehendak (will). Bahwa, dengan negasi (pengingkaran) orang dapat membangun sebuah dunia baru yang merupakan dictum dari logika cultural. Matriks ini penting karena berakar dan reproduksi dari wacana religius ketimuran yang masih terus hidup.

Kedua frasa itu sebenarnya merupakan dua sisi dari “satu mata uang” yang sama. Frasa pertama adalah sisi positif sementara itu frasa kedua merupakan sisi negative. Kedua sisi itu sebenarnya saling melengkapi sehingga menjadi hidup. Hasil dari negasi itu berupa ajakan yang mengarah kepada terbentuknya kebiasaan manusia sebagai makhluk di hadapan hukum Tuhan untuk berbuat sesuatu dengan dilandasi sikap yang mengutamakan olah kejiwaan (cipta rasa karsa). Ini penting karena manusia diciptakan sudah dibekali dengan hal tersebut di atas.

Kata kunci : heuristik, hermeneutik, hipogram, model dan matriks.

1/

Kurikulum basa Jawi wiwit tataran SD/MI/SDLB ngantos dumugi SMA/SMK/MA ngemot bab nyinau geguritan. Pokok bahasan geguritan menika saged pun panggihi wonten keterampilan nyimak, maos, lan apresiasi susastra. Manawi katandhing kalayan genre (jinis) cariyos sanes, upamanipun prosa, geguritan pancen angel dipunpahami.

Geguritan perlu dipunngertosi mupangatipun menapa kok kedah punsinau lan kados pundi caranipun mangertosi. Bab caranipun nyreta lan maos mboten badhe karembag. Awit basanipun geguritan nyleneh sinaosa basa padintenan naming kwmawon geguritan lan genre sastra sanesipun mujudaken barang langka amargi ngandhut bab menapa kemawon. Pak Teeuw ngendika bilih sastra kalebet geguritan menika ngandhut semangat jaman mboten lahir ing ruang kosong. Ananging, katandhing genre sanes geguritan menika kepara angel dipun ngertosi. Kadosta geguritan saking basa Indonesia anggitanipun Sutardji Calzoum Bachri, naming kula pendhet sakedhik kangge nggampilaken andharan ing paheman menika.

Win
ka
win
ka
win
ka
win
ka
win
ka
sih
ka
sih
ka
....

Nah, manawi katandhing kalayan jinis karya sastra sanesipun jebulipun geguritan kelebet jinis ingal angel dipun ngertosi. Cobi, ing ngandhap menika dipun waos lan kados pundi tegesipun

1)

Mau esuk Kang Mamad ngasah kudhi arep nggo negor wit rambutan. Wit mau wis ndrawasena tanggane. Parmin menek karepe arep nyolong wohe nanging pange sempal. Kedadeyan mau ndadekake si Parmin tanggane tugel.

2)

kue rai

ngilo atap langit

kue rambut

ndedawa nunggang kuwung

kue ragu

mbrengengeng nggrentes ati

Manawi dipunmatakaken, ingkang nomer setunggal (1) genah gampang dipun ngertosi. Surasanipun: wit rambutan badhe dipun tegor amargi sampun nyilakani. Cobi nomer (2) kados pundi karepipun?

Nomer setunggal kalebet prosa dene ingkang nomer kalih inggih menika ingkang dipun wastani geguritan. La kok? Sinaosa katingal basanipun ngangge basa padintenan nanging kok benten?

Cobi dipun setitekaken malih:

3)

Manuk cucak rowo ndeke Kang Darto mabur menclok neng pang garing

4)

Cucak rowo mabur mencloki kembang

Nah, conto nomer (3) genah tegesipun gampang amargi maringi informasi. Inggang nomer (4) mbingungaken, ingkang murugaken mbingungi menika tembung kembang. Wonten manuk cucak rowo kok mencok wonten sekar, aneh to menika?

Geguritan menika inggih puisi. Definisi jaman rumiyin puisi menika karangan terikat. Inggih to? Nah, sakmenika sampun benten amargi rumiyin pinathok kalayan guru lagu (persajakan), guru wilangan, lan sapanunggalanipun.

Cobi tuladha sanes.

5)

Esuk-esuk ngguyang sapi maring kali
pelem, pelem mentah kecute ngungkuli jeruk
tuma, tuma ireng manggone neng ndhuwur rambut
jempol, jempol sikil...

6)

Mlaku ngalor
Kepethuk nguler
Kathoke kombor
Nggo ngesak lemper
Arep nyikut
Kesliru ndhengkul
Kathoke ciut
Lempere mbrenjul

Manawi dipun setitekaken kanthi premati tuladha nomer 2, 4, 5, lan 6 nggadhahi karep ingkang benten kalayan ingkang kaserat. Inggih to? Definisi geguritan sak mangke menika aktivitas basa ingkang ngrembag sawijining bab ananging nggadhahi teges sanes, utawi ngendika a ananging yektosipun b. Ngendika cocak rowo ananging yektosipun sanes cucak rowo utawi lemper, utawi sanesipun.

Mangga dipun priksani malih tuladha nomer 4, kok lajeng milih tembung kembang kados pitaken ing ngajeng kala wau? Wangsulani la menika terserah penyair amargi nggadhahi hak kebebasan (licentia poeitika). Pilihan tembung sakecanipun, mardika naminipun terserah intuitif pangripta. Pilihan menika ingkang murugaken tiyang ingkang maos nggadhahi pangangen angen (daya khayal, imagi), lan nggadhahi teges ingkang maneka warna (ambigu). Pramila geguritan menika asipat

1. intuitif,
2. imaji,
3. ambigu,
4. ungkapan mboten langsung (Banyumasan: ora thok melong).

Inggih amargi sipat makaten geguritan nalika dipun waos murugaken nges, trunyah, enak, seneng, sedih, lan jengkel utawi gregeten. Cethanipun, emosi dados sasaran. Menapa malih manawi dipun setitekaken kados-kados ngajak pikiran nglambrang dumugi pundi kemawon (daya khayal/ imaji). Menika penting kangge lare murih ngasah kreativitas lan sikap empati. Sikap kreativitas lan empati saenipun dipun pupuk wiwit lare alit. Kreativitas saged mahanani nemokaken bab ingkang migunani.

Manfaat sanesipun asipat pengetahuan, inggih menika nambah kosakata utawi tembung. Ing mriki ajar basa lumantar geguritan kados bentuk tembang cepet nyanthel.

Sakmenika kados pundi caranipun ngertosi geguritan? Kados pundi caranipun ngertosi geguritan menika sae? Geguritan sae temtunipun ngewrat bab patang prekawis, intuitif, basanipun ambigu, nggadhahi daya imaji lan mboten langsung. Blegeripun wonten basa pathokanipun estetis. Ingkang dipun wastani estetis kados pundi? Ciri-cirine basa estetis menika kadosta: perulangan, purwakanthi ing wingking, tengah, ngajeng, utawi saben larik. Contonipun: suwe ora jamu/ jamu godhong tela/ suwe rak ketemu/ temu pisan dadi gela/ tembung jamu dipun ulang ing larik candhakistanipun. Vokal u dipun ulang jamu-(ke) temu, lan la dipun ulang malih (tela-gela). Uni (vocal) ingkang dipun ulang kawastanan asonansi dene konsonan dipun ulang winastan aliterasi. Gethuk thenguk thenguk cedhak cakruk. Menika wonten perulangan huruf mati utawi konsonan k (aliterasi).

Tembang-tembang ingkang pinilih penyair asring mboten dipunkenal utawi tembung ingkang sampun ical ing bebrayan (ing jagad sastra jawi kathah ngangge tembung arkaisi) Tembung kadosta kagyat, supena, himawan seta, nireki dipunpilih amargi dipunsusun kanthi petung permati upaminipun amargi persajakan (purwakanthi).

Ing udyana menika mangga dipunrembag bab geguritan sesarengan. Underaning prakawis bab geguritan anggitanipun R. Intoyo. Guritan menika kapilih dinuga bilih guritan kala wau nggambataken refleksi humanisme Jawi. Guritan kala wau ugi dados tonggak wontenipun guritan-guritan salajengipun.

2/

Geguritan Dayaning Sastra anggitanipun R Intoyo katingal sanget sederhana. Basanipun gampil dipun ngertosi. Ananging sakyektosipun nggadhahi makna ingkang sakelangkung lebet kepara malah ngewrat bab humanisme, satunggaling prakawis ingkang wiwit dipuntilar amargi ombyaking jaman global. Geguritan kala wau sanget relevan lan trep ing jaman sakmangkenipun. Ing mriku kita saged metani bilih geguritan menika ngandhut nilai-nilai kearifan local. Puisi utawi geguritan, miturut pamanggih Riffatere menika aktivitas basa, ingkang ngandharaken satunggaling bab namung kemawon nggadhahi soraos sanes. Upaminipun penyair badhe ngandharaken rudhatosing manah kaentha kados dene hyang sudomo kasaput hima.

Geguritan Dayaning Sastra menika refleksi humanism Jawi. Humanisme menika mengku teges sifat-sifat kemanusiaan. Sinaosa sifat kemanusiaan menika universal, priyantun Jawi nggadhahi keistimewaan lan ciri-ciri ingkang benten kalayan masyarakat sanes. Ciri ingkang mbentenaken menika sipat agal lan alus menika kasalira dados setunggal. Tiyang manca amastani sinkretisme, naming kemawon kasunyatan benten. Sinkretisme menika cirinipun salin salaga. Dene tiyang Jawi saged mbentenaken bilih menika tataran agal lan alus. Kasekten upaminipun saged dipun andharaken tataran agal lan alusipun. Humanisme Jawi ingkang kula kajengaken inggih menika sipat-sipat manungsa Jawi ingkang remen nggegulang olah batin pramila karya-karyanipun asipat religiusitas lan transenden.

Ing ngadhap menika geguritan Dayaning Sastra sesarengan kita bedhah kanthi migunakaken teori semiotic Riffaterre kangge mbuktekaken bilih geguritan kala wau refleksi humanisme Jawi lan sumber kearifan local.

:Dayaning Sastra

Tembung kang ginantha lelarikan,
Tinataa binaries kadya bata,
Sinambung ponetung manut ukuran,
Dene banjur kasinungan daya,

Kumpule bata dadi yayasan,
Aweh nggon apik, brukut, santosa,
Ngepenakake wong urip bebrayan,
Samana dayane bata tinata.
Gegodhongan tembung kang mawa isi,
Katiyasane ngungkul-ungkuli,
Wohing laku, pamikir lan pangrasa,
Para empu, pujangga, sarjana.
Simpun, ginebeng ing gugubahan,
Mewindu-windu dadi turutan.

(Kapethik saking: Telaah Kasusastraan Jawa Modern, 1975:27)

Ngonceki guritan menika, langkah sepisan dipunwaos kanthi cara pamaos heuristik, ingkang adhedhasar konvensi basa pramila asipat mimetik lan amemangun teges ingkang taksih sumebar. Frasa dayaning sastra nggadhahi teges kekiyatan utawi daya seratan. Ing Bausastra, tembung sastra nggadhahi teges: layang, kawruh, tulisan, gegaman. Ing mriki, dayaning sastra dipuntegesi kekiyatan saking seratan (mriksani: Hutomo, 1975:27).

Secara mimesis, frase menika mbayangaken wontenipun kekiyatan ingkang saged nggadhahi daya damel menapa kemawon, menapa mbangun utawi ngrusak, menapa mitenah, menapa ngangkat menapa kemawon, menapa tiyang, pokokipun ingkang maujud. Cethanipun tembung “tulisan” saged damel menapa kemawon dhumateng sadengah titah.

Larik sepisanan, inggih menika Tembung kang ginantha lelarikan, larik menika gayut kalayan judhul, inggih menika dayaning sastra. Tembung tembung (kata) gayut kalayan tembung sastra (tulisan). Larik menika asipat deskriptif saking judul, lan taksih dipunterasaken ing larik candhkipun, inggih menika tinata binaries kadya bata. Tembung ingkang kasusun dados baris-baris menika kaupamekaken kados batu bata.

Larik salajengipun: sinambung, pinetung, manut ukuran. Tembung-tembung ingkang kasusun dados baris-baris menika awit saking tembung setunggal kasambung tembung sanesipun, makaten ambal wangsul kanthi migatosaken wangun (pinetung manut ukuran) kados dene wewangunan batu bata.

Larik salajengipun menika: dene banjur kasinungan daya. Larik menika jlentrehan saking larik sakderenge, dene tembung-tembung ingkang kawangun (susun) lan kasambung manut wangun (waos: fungsi) nggadhahi kekiyatan. Secara mimesis, tembung-tembung ingkang kasusun (kawangun) dados kalimat lelarikan menika nggadhahi teges menapa kemawon, lan dhumateng sinten.

Ing bait kalih, R. Intoyo mbandhingaken susunan tembung-tembung (waos: struktur) kados dene batu bata. Mangga kita simak sesarengan.

Larik sepisan menika Kumpule bata dari yayasan. manawi bata ingkang nglumpuk lan kasusun utawi kawangun mangkenipun dados wewangunan. Dumugi mriki, panggurit kepingin maringi informasi kanthi gamblang. Bait menika njlentrehaken langkung gambling bait sakderengipun, utamanipun larik kalih: tinata binaries kadya bata.

Larik candhakistan ing bait kalih menika aweh nggon apik, brukut, santosa. Larik meniku ngener dhateng mupangat saking batu bata menika, dene wewangunan bata badhe menehi panggenan utawi enggon ingkang sae lan kiyat. Secara mimesis, larik menika tumuju dhateng manungsa. Secara struktural tembung brukut kapilih amargi prinsip ekuivalensi lan gayut kalayan tembung candhakistan, menika sentosa. Efek pemilihan tembung brukut lan sentosa menika efek estetis (bunyi) menika /t/. Larik kalih menika gayut kalayan larik sekawan, inggih menika semono dayane bata tinata. Larik tiga, ngepenakake wong urip bebrayan menika awujud akibat saking larik satunggal, pramila larik menika gayut (relasi). Dumugi mriki saged kauningan tegesipun bait kalih, bilih wewangunan saking bata ingkang pinetung kanthi premati ukuranipun badhe dados wewangunan ingkah sae, kiyat (bakuh) sainggo mupangat tumrap bebrayan. Menika wau wewangunan saking batu bata.

Bait katiga dipunwiwiti saking larik sepisan ingkang menehi informasi, dene larik candhakistan (kalih) mujudaken penjelas (andharan) saking informasi menika. Kanthi makaten larik sepisan lan kalih wonten gayutipun (relasi). Kekalih larik menika ugi dipuntandani persajakan (purwokanthi) ingkang sami ing pungkasaning larik, inggih menika swanten i. Larik sepisan menika

Gegodhongan tembung kang mawa isi, ngantos dumugi larik candhakipun: katiyasane ngungkul-ungkuli, tembung gegodhongan dumados saking tembung godhong (ron). Secara mimesis tembung menika ngener utawi tumuju dhumateng wewangunan ron ingkang kawangun susun ing pang (tangkai) ron. Tegesipun saking larik menika inggih wewangunan tembung ingkang nggadhahi isi (ing mriki: teges/ arti), nggadhahi kekiyatan (katiyasane)kepara langkung. Inkang pun karepaken inggih menika nglangkungi kekiyatan wewangunan bata sinaosa mupangat kangge bebrayan.

Larik tiga menika Wohing laku, pamikir lan pangrasan, lan larik sekawan Para empu, pujangga, sarjana. Kalih larik menika gayut lan mujudaken sebab timbulipun larik sepisan lan kaling sakderengipun. tegesipun baid menika bilih susunan tembung ingkang nggadhahi teges mujudaken wohing kekarapan utawi karsa (laku), cipta (pamikir) lan rasa (pangrasa) saking para empu, pujangga, utawi sarjana menika nggadhahi kekiyatan sakalangkung ngungkuli kekiyatan wewangunan bata.

Bait pungkasan mujudaken informasi bait sakderengipun, inggih menika bait katiga. Larik sepisan menika Simpen, ginebeng ing gegubahan. Larik candhakipun mujudaken andharan penjelas larik sepisan inggih menika Mewindu-windu dadi turutan. tegesipun bait menika ngandharaken bait katiga menika bilih susunan tembung-tembung ingkang nggadhahi teges menika kadapuk saking uwohing olah cipta rasa karsa manungsa pinter, ingkang nggadhahi kekiyatan kapara Inagkung menika kasimpen ing gubahan lan mataun-taun dados sumber patuladhan (turutan).

Dumugi mriki, secara mimesis saged kauningan bilih uwoh cipta rasa lan karsa tiyang pinunjul menika nggadhahi teges (isi) lan kasimpen (sinawung) ing karangan lan saged dipun dadosaken sumber patuladhan, menapa kemawon, saking sinten dhateng sinten.

Bait-bait geguritan kala wau saling gayut, makaten ugi antar larik. Konvensi sastra tradisional, inggih menika gegayutan periodisitas utawi korespondensi sanget katawis. Persoalan ingkang timbul ing bait sepisan, inggih menika sintenta ingkang nyusun tembung-tembung menika, yektosipun kajawab ing bait katiga larikpungkasan, inggih menika tiyang sujono (empu, pujanga, sarjana). Saktleraman geguritan kala wau gampil amargi basanipun gampil!

Maos geguritan utawi puisi yektosipun maos larik-larik supados saged nggagapi menapa pikajengipun pangripto. Caranipun wonten kalih rambahan. Sepisan maos larik-larik kanthi migunakaken teori utawi kaidah linguistic (ilmu basa) winastan maos cara heuristics kados ingkang sampun katindakaken ing nginggil kala wau. Lajeng sasampunipun kawaos kanthi heuristics kala wau geguritan kawaos kanthi cara hermeneutics. Maos kanthi hermeneutic murih saged nemtokaken makna geguritan. Riffaterre nganggep geguritan kados dene donat. Ing tengahing donat ingkang kosong menika sinebat matriks inggih ing matriks menika pusat makna geguritan. Caranipun dumugi ruang kosong kala wau pamaos kedah nglangkungi daging donat (maos cara heuristic) kala wau. Geguritan kalajengaken kawaos kanthi cara hermeneutic, caranipun lumantar hipogramatik potensial lan hipogramatik actual. Hipogramatik potensial kadosta presuposisi, makna konotasi ingkang sampun kaanggep umum. Upaminipun tembung kebo sampun limrah kaanggep sipat bodho. Dene hipogramatik actual arupi teks-teks ingkang wonten gayutipun lan sampun wonten sakderengipun kadosta mitos, karya sastra sanesipun lan sakpiturutipun.

Frasa dayaning sastra ing irah-irahan menika nggadahi implikasi satunggaling informasi saking manungsa dhumateng manungsa., inggih menika saking pangripto dumateng para maos. Dumugi mriki irah-irahan menika paring katrangan pasangan oposisional, inggih menika pangripta- para maos. Salajengipun, ing larik candhakipun: Tembung kang ginantha lelarikan, tinata baris kadya bata arupi gatra ingkang migunakaken lelewaning basa (kias simile), tembung katandhing kadosdene bata.

Ing larik menika ugi wonten perulangan secara semantis, inggih ing irah-irahan, sastra dipunwangsulni kanthi tembung tembung. Manawi ngaten, tembung tembung kala wau dipunpilih kangge negesaken tembung sastra. Implikasi salajengipun katingal ing gaya persejajaran, inggih menika sastra ingkang rinumpaka dipunsejajarken kalayan tembung bata ingkang rinumpaka ugi. Kok bata? Bata menika awujud watu ingkang kadadosan saking lemah dipunbakar sainggo gampil tugel (putung) utawi remuk.

Kados pundi manawi sastra utawi tembung? Menapa ugi gampil putung? Pranyata mboten! Jawabanipun wonten larik pungkasan: Mawindu-windu dadi turutan. Saking menika katingal oposisi enggal, inggih menika gampil putung

- ulet, kiyat. Larik pungkasan ing bait sepisan nedahaken bilih sastra (sesuatu) ingkang rinumpaka menika nggadhahi kekiyatan linangkung.

Bait kalih menika persejajaran saking bait sepisanan. Wewangunan batu bata menika wewangunan sae, kiyat, lan menahi arti dhumateng bebrayan utawi keluarga. Inggih menika kekiyatan wewangunan bata. Kok ngaten? Kasenangan? Sesuatu ingkang asipat fisik (wewangunan) yektosipun nggadhahi kerapuhan (kados bata) yektosipun saged paring kesenangan tumrap bebrayan. Implikasi bait menika kesenangan lahiriah. Kosokwangsulipun, kekiyatan sastra dumunung wonten makna (spirit) ingkang asipat batiniah. Dumugi mriki timbul oposisi enggal lahir – batin.

Bait ketiga andharan bait sepisanan. Bilih kekiyatan sastra ingkang rinumpaka (sesuatu) nggadhahi kekiyatan linangkung manawi katandhing kekiyatan wewangunan saking bata amargi rinumpaka lelambaran uwohing proses cipta, rasa lan karsa saking tiyang sujono. Menapa menika? Pitakenan menika kajawab wonten bait pungkasan, inggih menika sadengah (sesuatu) ingkang kasimpen, sinawung ing wewangunan gugubahan menika lan mataun-taun badhe dados tuntunan urip.

Dumugi mriki, kita sampun pikantuk model jagad imajiner geguritan kala wau. Geguritan kala wau paring pitedah (pesan) saking pangripta dhumateng para maos bab sastra ingkang nggadhahi daya kekiyatan. Inggih bab menika amargi kekiyatan kala wau ulet, mboten gampil putung. Sesuatu kala wau mujudaken uwohong proses cipta, rasa, lan karsa saking para pinter. Saking menika, wohing cipta, rasa, lan karsa saged langgeng ngantos mataun-taun dados tuntunan.

Kosokwangsulipun, sesuatu ingkang asipat fisik (wewangunan/ wadag) menika gampil putung (rusak) sainggo namung sementara sinaosa maringi kanikmatan lan kasenangan lahir. Naming kemawon, wewangunan jagad imajiner menika dereng wetah lan jangkep amargi dereng maringi kesatuan makna (istilah Riffaterre: matriks).

Matriks menika ketinggal saking model amargi model menika aktualisasi sepisanan. Model umumipun saged dipunrunut saking tembung, frasa, utawi kalimat tinamtu ananging asipat puitis pramila benten kalayan tembung, frasa,

utawi kalimat sanesipun.. Dipun wastani puitis manawi tanda utawi symbol kala wau asipat hipogramatik. Inggih menika tanda utawi symbol winastan asipat monumental.

Ing mriki, wonten kalih tanda ingkang katingal monumental ing geguritan kala wau, inggih menika frasa: dayaning sastra lan frasa: binaries kadya bata. Frasa sepisan, inggih dayaning sastra saking wacana batin (mboten katingal) ngengingi kekiyatansaking uwuh olah piker, rasa, lan karsa priyantun. Wacana batin menika jelas saking “humanisme ketimuran” (waos: Jawa), ingkang sanget nengenaken bab ingkang asipat batin, alus, ulet, ing bebrayan agung. Frasa kalih, menika binaries kadya bata saking wacana sanes, inggih menika wacana ingkang nengenaken wujud lahir, wadhag, nyata (objektif). Wacana menika saged maringi kesenangan lan kanikmatan. Wacana lahir asipat kadunyan pramila mboten suwe. wacana batin asipat religius lan transenden pramila langgeng lan suci. Wacana lahir asipat sopran. Wacana batin langgeng pramila tahan lama amargi adhedhasar kemuliaan manungsa ingkang remen olah pikir, rasa, lan karsa ing ngarsanipun Allah, dene ingkang lahir mujudaken keterbatasan (cupeting) makhluk ingkang winastan manungsa ing sangajengipun hokum alam (Tuhan).

Kekalih model menika pundi ingkang langkung kiyat lan puitis? Kekalih frasa menika yektosipun sisi saking mata uang pindha suruh lumah lan kurebe. Frasa sepisan sisi positif dene frasa kalih sisi negative. Kekalihipun sisi menika yektosipun kados tumbu lan tutup, keris lan warangka. Frasa kalih arupi alat pramila asipat mboten lawas (sementara) lan sarwa nengsemaken. Saking menika yektosipun kekalih frasa menika saking matriks ingkang sami, inggih menika kekarepan (will). Bilih kalayan negasi (pengingkaran) tiyang saged amangun satunggaling jagad enggal awujud dictum dsaking logika cultural. Matriks menika saking wacana religius ketimuran ingkang taksih dipun lestarikaken runtumurun.

Wacana humanisme Jawi ugi saged karunut ing teks-teks sanesipun. Teks crita silat kadosta Naga Sasra dan Sabuk Inten, Api di Bukit Menoreh adhedhasar humanism ketimuran (Jawi). Tokoh Karebet ing Naga Sasra lan Sabuk Inten menika representasi alus, priyayi (langgeng, tenang, stabil, established. Dene tokoh Mahesa Jenar menika representasi rakyat (agal) pramila sanget dinamis, labil. Teks-teks wayang, kados dene serat Dewa Ruci,

Sastra Gendhing lan karya-karya Ronggowarsita nudhuhaken bilih wacana humanism saged dados tuk utawi sumber ingkang mboten badhe asat. Humanisme Jawi saged dados sumber kearifan local amargi kados dene sumur ingkang mboten saged telas toyanipun. Menapa humanism Jawi menika eksklusif/ mboten, amargi asipat universal ing tlatah timur.

3/

Kangge panutup, saged dipun tarik dudutan bilih gegurtitan anggitan R.Intoyo irah-irahan Dayaning Sastra kala wau sayektos refleksi humanism Jawi lan ngwrat bab nilai-nilai kearifan local kados dene nilai-nilai relihiustias. Ajaran kina ing ngadhap menika saged makili wacana religius ketimuran.

Yang di dalam bergerak dan bekerja
dikendalikan oleh kekuasaan Sumbernya
maka tak terbatas kekuatannya.
Yang di luar bergerak dan bekerja
dikendalikan hati akal
pikirannya
maka amat terbatas
kekuatannya
Karena itu menyerah kepada
Sumbernya
pasti akan mendapat
bimbingan-Nya!
(Koo Ping Hoo, 1975).

Pustaka

- ◆ Faruk.1996. Aku dalam Semiotika Riffaterre, Semiotika Riffaterre dalam Aku. Dalam Humaniora No.III 1996.Yogyakarta: Fak Sastra-UGM
- ◆ Kho Ping Hoo, Asmaraman S. 1975. Pedang Kayu Harum. Surakarta: Gema
- ◆ Mintardja, S.H. 1976. Naga Sasra dan Sabuk Inten.Yogyakarta: Kedaulatan Rakyat.
- ◆ Mintardja, S.H. 1983. Api di Bukit Menoreh. Yogyakarta: Kedaulatan Rakyat.
- ◆ Riffaterre, Michael. 1978. Semiotics of Poetry. Bloomington dan London: Indiana University Press.

- ◆ Sadi Hutomo, Suripan. 1975. Telaah Kesusastraan Jawa Modern. Jakarta: Pusat Bahasa.